



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 3/24/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO DEWALE VIZYON POU REKONSEPSYON TRANSFÓMATIV  
AYEWOPÓ LAGUARDIA PRALE DELAVAN**

***Port Authority New York ak New Jersey apwouve lwaye pou LaGuardia Gateway  
Partners— yon patenarya inovè prive-piblik ki pral avanse yon pwojè  
modènizasyon \$4 milya***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse reonsepsyon konplè Ayewopò LaGuardia ki te fè yon gwo etap pwogrè avèk vòt apwobasyon enpòtan Port Authority New York ak New Jersey. Vòt la apwouve yon lokasyon avèk LaGuardia Gateway Partners bati ak fonksyone yon nouvo Tèminal modèn B, avèk yon koulwa santral ak gwo sal datant pou avyon yo, pou premye fwa, ap kreye yon ayewopò inifye ansanm avèk sit pou yon estasyon tren. Lokasyon an klarifye wout la pou premye faz plan rekonsepsyon Gouvènè a, sa ki pral finalman transfòme etablisman aje a an yon sant transpòtasyon nivo mondyal, ekipe pou defi ak demann vwayaj 21<sup>yèm</sup> syèk la epi desèvi eta New York.

Depans konsepsyon ak konstriksyon pwojè a se \$4 milya – de-tyè ladan finanse nan fon prive ak frè pasaje ki la deja. Konstriksyon ap kòmanse touswit, avèk achèvman enpòtan pati nan ayewopò a kap ouvè nan 39 mwa apre kòmansman konstriksyon an.

“Vòt sa make yon etap enpòtan delavan nan efò nou pou renove Ayewopò LaGuardia,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Plan nou an ap transfòme fondamantalman LaGuardia – ranplase sa ki kounye a se yon konplèks demode ki pa byen trase parapò avèk ayewopò nivo mondyal ke New York te toujou merite. Sa a reprezante yon gwo pwogrè pou pwojè a –premye pami anpil – e map rete tann pou m wè konstriksyon an kòmmanse nan fen ane sa a.”

Plan restriktirasyon an ap rebati konplètman Tèminal B, epi konstwi yon koulwa santral epi konekte sal datant avyon yo an yon tèminal inik, ki inifye striktirèlman avèk aksè transpòtasyon elaji, kap ogmante nan fason ki enpòtan espas pou taksi ak pi bon kalite ekipman pou pasaje. Plan montre rekòmmandasyon Konsèy Konsiltatif Gouvènè a sou Ayewopò a, sa ki gen ladan nouvo limyè santral nan sal dantre, sa ki konekte Tèminal B ak C epi inifye ayewopò a pou premye fwa. Lè nou deplase tèminal yo pi pre Grand Central Parkway, li pral ogmante espas pou taksi nan ayewopò a epi redwi reta nan ayewopò a. Anplis de nouvo tèminal ak Sal Santral, LGP ap konstwi tou nouvo wout, sèvis piblik, amelyorasyon pis, yon nouvo garaj pakin Lwès ak lòt enfrastrikti sipò.

Daprè yon patenarya inovè prive-piblik, de tyè nan \$4 milya pou konsepsyon ak

konstriksyon— ap peye nan finansman fon prive ak frè pasaje ki la deja. Yon konsòsyòm prive, LaGuardia Gateway Partners, ap desine, bati, fonksyone epi kenbe etablisman an. Risk pou depase depans oswa reta nan orè pwojè LaGuardia ap transfere de Port Authority a LGP, yon devlopè ayewopò prive te chwazi epi jwenn apwobasyon nan Me 2015 nan Konsèy Port Authority apre yon demann pwosesis konpetitif pou pwopozisyon.

**Direktè Egzekitif Port Authority Pat Foye te deklare,** "Apwobasyon lokasyon avèk LGP alafwa se yon gwo etap nan bi modènizasyon Ayewopò LaGuardia Gouvènè Cuomo ak pi gwo patenarya piblik-prive pou nouvo enfrastruktir transpòtasyon nan istwa Etazini. Tranzaksyon an ap pote kapital prive ak espesyalizasyon nan yon ayewopò ki bezwen investisman dezespere, epi chanje risk konstriksyon konplèks nan yon anvionman ayewopò fonksyonèl apati Port Authority pou byen kapitalize pati prive yo."

**Vis Prezidan Port Authority Scott Rechler te deklare,** "Modènize tèminal ayewopò nou an ki ansye demontre angajman Port Authority' pou santre sou enfrastruktir transpòtasyon rejyon an. Pou reyalize ekonomi eksplwatasyon, ofri kliyan yo pi bon sèvis nan nivo mondyal epi reponn a ogmantasyon antisipe demann pasaje, li enperatif ke ajans lan kontinye fè investisman sa yo nan ayewopò nou yo."

Modènizasyon LaGuardia ap yon gwo benefis ekonomik pou rejyon an, jenere \$1.3 milya nan salè ak \$5.2 milya nan aktivite ekonomik rejyonal. Konsistan avèk objektif Gouvènè Cuomo pou alatèt peyi a nan 30 pousan patisipasyon konpayi Biznis Fi ak sa Minorite posede, konstriksyon pwojè nouvo tèminal B a ap bay yon vas opòtinite ekonomik pou kontraktè MWBE yo nan awondisman Queens ak nan rejyon an.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418